

Tip Tès ki Disponib nan Sit Tès Rapid H+H yo

Sit pou pase tès yo ka ofri tout oswa kèk nan kalte tès ki anba yo:

	Tès PCR Kote se yon enfimye k ap fè w pase l	Tès PCR Kote se pwòp ou menm k ap fè l	Tès Abbott ID NOW ki idantifye molekil viris la rapid	Tès Abbott BinaxNOW ki idantifye antijèn viris la rapid
Ki tip de tès li ye?	Se yon tès pou fè dyagnostik. Li montre si ou gen yon enfeksyon viris kowona ki aktif.	Se yon tès pou fè dyagnostik. Li montre si ou gen yon enfeksyon viris kowona ki aktif.	Abbott ID NOW se yon pwèn pou pase tès sou plas (point-of-care) pou detekte molekil viris la byen rapid. Li montre si ou gen yon enfeksyon viris kowona ki aktif. Si w te pase yon tès byen rapid ak Test & Trace, w ap pase yon tès PCR* tou .	Abbott BinaxNOW se yon tès ki detekte antijèn byen rapid. Li montre si ou gen yon enfeksyon viris kowona ki aktif. Si w te pase yon tès byen rapid ak Test & Trace, w ap pase yon tès PCR* tou .
Kiyès ki ap pran echantyon yo?	Ou menm oswa yon enfimye ap fè sa.	Se ou menm k ap fè l.	Se yon enfimye ki ap fè l.	Se yon enfimye ki ap fè l.
Kilè mwen ap jwenn rezilta mwen yo?	Lepisouvan nan 2 jou.	Lepisouvan nan 2 jou.	Lepisouvan nan 15 a 30 minit.	Lepisouvan nan 15 a 30 minit.
Kòman mwen ap jwenn rezilta mwen yo?	Rezilta yo ap disponib sou MyChart. Si ou pa gen MyChart, w ap resevwa yon apèl oswa yon imèl.	Y ap voye rezilta yo ba ou atravè adrès imèl ou.	W ap fè yon ti tann koto w pase tès la epi yon klinisyen ap ba w rezilta yo. Rezilta yo disponib tou atravè MyChart.	W ap fè yon ti tann koto w pase tès la epi yon klinisyen ap ba w rezilta yo. Rezilta yo disponib tou atravè MyChart.

Tout tès yo fèt atravè yon aplikatè pou nen, ki se yon aplikatè ki gen yon pwent an koton oswa an eponj ke moun nan ap pase nan nen l.

Tanpri mache ak kat asirans ou si ou gen asirans. W ap ka toujou pase tès la si ou pa gen asirans.

[Ou pa p genyen pou w peye pou tès sa.](#) Si w gen asirans nou ap voye yon fakti bay asirans ou an, men ou pa p gen pou w peye anyen.

Yo pa p poze w kesyon sou estati w antanke imigran.

Pa gen kesyon pran randevou, se jis pase al fè tès la.

*Reyaksyon anchèn pa polimeraz

Apati 24/11/2020

Haitian Creole_11/2020

NYC
HEALTH+
HOSPITALS

Test & Trace
Corps